

## Fonksyònman TLC

- Pou zafè lisans (Vil Long Island)
  - Biwo a pral ouvri lendi, mèkredi ak vandredi soti 8è AM rive 4è PM, sou randevou sèlman.
  - Ale sou [Sistèm Randevou sou Entènèt NYC TLC a](#) pou w pran yon randevou.
  - **Randevou ki egziste deja yo:** Yo pral kontinye bay moun ki gen randevou deja yo sèvis. Si w bezwen anile oswa rebran randevou w la, tanpri suiv enstriksyon yo bay nan imèl pou konfime randevou w la.
  - **Enfòmasyon ak tranzaksyon sou entènèt yo:** Tanpri kontakte TLC sou entènèt la pou nenpòt nan enfòmasyon sa yo:
    - Pou w verifye estati lisans ou an, dat aplikasyon an, dat ekspirasyon an, pwochen tèz dwòg yo ak lòt egzijans yo, ale sou [TLC UP](#) 24 sou 24 7 jou sou 7.
    - Pou w mete enfòmasyon pou yo kontakte w yo ajou, tanpri ale sou [LARS](#) 24 sou 24, 7 jou sou 7.
    - Èske ou toujou gen kesyon oswa ou bezwen èd? Anplwaye TLC yo disponib pou yo reponn kesyon w yo adistans. Tanpri voye yon imèl nan [licensinginquiries@tlc.nyc.gov](mailto:licensinginquiries@tlc.nyc.gov) oswa rele Sant Apèl TLC a 8:30 AM rive 4:00 PM, lendi jiska vandredi:
      - Kesyon sou lisans ak aplikasyon: (718) 391-5501
      - Asiyasyon ak aranjman yo: (718) 391-5584
- Pousuit (Vil Long Island)
  - **Odyans:** OATH rete louvri men li ap repwograme odyans yo pou nenpòt moun ki mande yon nouvo jou odyans. Tanpri ale sou [sitwèb OATH](#) la pou w jwenn plis enfòmasyon.
  - **Aranjman TLC yo:** Tanpri voye tout demann pou aranjman yo pa imèl nan [settlements@tlc.nyc.gov](mailto:settlements@tlc.nyc.gov). Pou redui kantite moun ki nan saldatant lan, yo ka mande moun ki parèt nan biwo LIC TLC yo k ap chèche yon aranjman pou yo retounen yon jou oswa lè ki diferan. Pèsonèl pousuit yo disponib pou jere demann anranjman yo adistans.
- Enspeksyon Machin (Woodside)
  - **Enspeksyon Machin:** Etablisman Enspeksyon TLC ki Woodside la rete louvri pou yo bay sèvis. Pwopriyetè machin ki gen randevou deja yo ta dwe vini pou yo fè enspeksyon yo pwograme a. Pwopriyetè machin ki gen avi pou enfraksyon yo ta dwe rezoud pwoblèm lan epi vini pou yo refè enspeksyon an jan sa di sou avi a.
- Etablisman TLC ki nan Beaver Street la louvri pou vizit randevou yo sèlman.
- Biwo TLC ki nan Staten Island lan pral louvri jou mèkredi soti 9è AM rive 4è PM, sou randevou sèlman.